International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 6 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# ULIWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE DÓGEREK QATNASIWSHILARINIŃ QOSIQ ATQARIW SHEBERLIGIN ARTTIRIW USILLARI

**Nadırova Aygúl Bazarbaevna**
docent, Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı.
**Kuatbaev Bahadir Polat ulı**
Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 1 kurs magistrantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.21035492

***Annotaciya.*** *Bul maqalada ulıwma bilim beriw mekteplerindegi muzıka dógerekleri aģzalırınıń qosıq atqarıw sheberligin hám vokal kónlikpelerin rawajlandırıw usılları haqqında maģlıwmat berilgen. Mektep jasındaģı oqıwshılardıń dawıs apparatınıń fiziologiyalıq ózgeshelikleri, vokal-xor kónlikpelerin qáliptestiriw basqıshları hám dógerek jumıslarında qollanılatuģın zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar haqqında sóz etiledi. Maqala muzıka páni muģallimleri, dógerek basshıları hám pedagogika baģdarındaģı qániygeler ushın derek bolıp xizmet etedi.*

***Gilt sózler:*** *vokal dógeregi, qosıq atqarıw sheberligi, dawıs apparatı, vokal texnikası, xor bolıp qosıq aytıw, dikciya, artikulyaciya.*

# МЕТОДЫ ПОВЫШЕНИЯ ИСПОЛНИТЕЛЬСКОГО МАСТЕРСТВА УЧАСТНИКОВ КРУЖКОВ В ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ ШКОЛАХ

***Аннотация.*** *В данной статье представлена информация о методах развития исполнительского мастерства и вокальных навыков членов музыкальных кружков в общеобразовательных школах. Будут рассмотрены физиологические особенности голосового аппарата учащихся школьного возраста, этапы формирования вокально-хоровых навыков и современные педагогические технологии, применяемые в кружковой деятельности. Статья служит источником информации для учителей музыки, руководителей кружков и специалистов в области педагогики.*

***Ключевые слова:*** *вокальный кружок, исполнительское мастерство, голосовой аппарат, вокальная техника, хоровое пение, дикция, артикуляция.*

# METHODS FOR IMPROVING THE PERFORMANCE MASTERY OF CLUB MEMBERS IN GENERAL EDUCATION SCHOOLS

***Abstract.*** *This article provides information on methods for developing the performance skills and vocal skills of music club members in general education schools. It will examine the physiological characteristics of the vocal apparatus of school-age students, the stages of developing vocal-choral skills, and modern pedagogical technologies applied in club activities.*

*The article serves as a source of information for music teachers, club leaders, and specialists in the field of pedagogy.*

***Keywords:*** *vocal club, performance skills, vocal apparatus, vocal technique, choral singing, diction, articulation.*

Házirgi dáwirde jas áwladtı ruwhıy jaqtan bay, mádeniyatlı hám jetik kámil insan etip tárbiyalawda muzıka kórkem óneriniń, ásirese, qosıqshılıq kórkem óneriniń ornı ayrıqsha.

Mekteplerdegi muzıka sabaqları ulıwma xarakterge iye bolsa, muzıka hám vokal dógerekleri talantlı oqıwshılardıń qábiletlerin professional bağdarda rawajlandırıw ushın tiykargı maydan esaplanadı.

Biraq, ámelde kóplegen dógerek basshıları balalardıń jas ózgesheliklerin, dawıs diapazonın hám fiziologiyasınıń rawajlanıw basqıshların esapqa almay, qosıq tańlawda yamasa dawıs hárketlerin shınıqtırıwda qáteliklerge jol qoyadı. Bul bolsa balanıń dawıs perdesine (svyazkalarına) zıyan keltiriwi yamasa oǵan muzıkaǵa degen qızıǵıwshılıǵın bolmay qalıwına alıp keliwi múmkin. Sol sebepli, dógerek qatnasıwshılarınıń qosıq atqarıw sheberligin ilimiy hám metodikalıq jaqtan durıs shólkemlestirilgen usıllar arqalı arttırıw búgingi kúnniń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp tabıladı.

Mektep jasındaǵı balalardıń dawıs apparatı ózgeshelikleri kóborek itibar beriliwi lazım.

Balalardıń vokal sheberligin rawajlandırıwdan aldın, dógerek basshısı olardıń jasına sáykes dawıs apparatınıń anatomiyalıq hám fiziologiyalıq ózgesheliklerin jaqsı biliwi kerek. Mektep oqıwshıların shártli túrde úsh toparǵa bóliw múmkin:

- **Kishi mektep jası (7-10 jas):** Bul jastaǵı balalardıń dawıs perdeleri jińishke hám qısqa boladı. Dawıs "falset" (joqarı, bas rezonatorı) túrinde jańlaydı. Diapazonı tar boladı (dawıs diapazonı ***do*** birinshi oktavadan ***re*** ekinshi oktavaǵa shekem).
- **Orta mektep jası (11-14 jas):** Bul dáwir mutaciya (dawıs ózgeriwi) dáwirine tuwra keledi. Ásirese balalarda dawıs relesi tómenlep, onıń jańlanıwında ádetten tısqarı ózgeshelikler hám kútpegen qopal, ózgeshe sesler payda boladı. Bul dáwirde vokal shınıǵıwların júdá abaylap, qattı baqırtpay atqarıw maqsetke muwapıq boladı.
- **Úlken mektep jası (15-17 jas):** Dawıs qáliplesip, er jetken adamnıń dawıs qásiyetlerine iye bola baslaydı. Kókrek rezonatorı rawajlanadı, tembr jańlanadı hám diapazon keńeyedi.

Dógerek basshısı usı jas dáwirlerindegi ózgerislerdi esapqa alǵan halda hár bir oqıwshıǵa individual professional baǵdar beriwi maqsetke muwapıq.

Qosıq atqarıw sheberligin arttırıwdıń tiykargı metodikalıq usılların sabaq barısında qollanǵanda, bunda dógerek jumıslarında oqıwshılardıń qosıq atqarıw mádeniyatın qáliptestiriw tómendegi sistemalı basqıshlar hám usıllar arqalı ámelge asırıladı:

**Vokal-xor shınıǵıwları (Raspevanie)-**Hár bir dógerek shınıǵıwı 10-15 minutlıq dawıs sazlaw (raspevka) shınıǵıwlarınan baslanıwı kerek. Bul shınıǵıwlar dawıs tolqının, qan aylanıwın jaqsılap, ókpeniń kólemin keńeytip, ishtegi tiykarǵı vokal bulshıq eti — **diafragmanı** kúsheyntedi. Mısalı: Bir sesli uzaq sozılatuǵın tonlardan baslap, keyin qısqa legatolar, stakkato shınıǵıwları hám arpejjiolardı atqarıw. Bul process dawıstıń bir tegis hám turaqlı shıǵıwın táminleydi.

Durıs vokal dem alıwın qáliptestiriwde qosıqtıń sulıw hám úzilmey shıǵıwı durıs dem alıwǵa baylanıslı. Balalar kóbinese dem alǵanda jelkesin kóteredi, bul bolsa vokal ushın qáte esaplanadı.

Mısalı: **Difragmal-kókrek dem alıw usılı.** Balalarǵa "gúldiń iyisin iyiskelew" yamasa "shamdı úplep óshiriw" sıyaqlı oyın tárizli kónlikpeler arqalı demdı deneniń tómengi bólimi (diafragma) menen alıw hám onı únemli sarplaw úretiledi.

Artikulyaciya hám dikciya ústinde islew eń áhmiyetli process bolıp tabıladı. Sózlerdiń anıq esitilmewi qosıqtıń tásirliligin joytadı. Qaraqalpaq tilindegi ózgeshe dawıslı hám dawıssız háriplerdiń (Q, Ǵ, N' sıyaqlı) qosıqta durıs aytılıwı ústinde ayrıqsha islew kerek.

Mısalı: Tezsózlardi, yaǵnıy jańılpashlardı túrli tempte hám hár qıylı tonda aytıw. Sol sıyaqlı, dawıslı háriplerdi (*A, O, U, E, I*) aytqanda awızdıń ashılıw hám labtıń qosılıw formasın baqlaw bolıp tabıladı.

Rezonatorlardı seze biliwde, dawıstıń kúshli hám tásirli shıǵıwı tek ǵana baqırıw menen emes, bálki adam denesindegi boslıqlar-rezonatorlardı durıs qollanıw menen baylanıslı.

Mısalı: "Yuv-yuv", "Mmi-mmo" sıyaqlı seslik shınıǵıwlar arqalı dawıstı bas (múrın, tańlay boslıǵı) hám kókirek rezonatorlarına baǵdarlawdı úretiw.

Dógerekte repertuar tańlaw úlken áhmiyetke iye, qosıq atqarıw sheberligin rawajlandırıwda eń áhmiyetli faktor-bul repertuar, yaǵnıy tańlanǵan qosıqlar toparı. Repertuar tańlawda tómendegi pedagogikalıq principlerge ámel etilse maqsetke muwapıq boladı:

1. **Jas ózgesheligi:** Kishi jastaǵı balalarǵa quramalı vokal shıǵarmaları bar, úlken diapazonlı qosıqlardı beriwge bolmaydı. Olardıń repertuarı ápiwayı, fólklorlıq yamasa balalar ushın jazılǵan qosıqlardan ibarat bolıwı tiyis.
2. **Kórkemlik hám tárbiyalıq áhmiyeti:** Qosıq tekstiniń mánisi joqarı, Watanǵa muhabbat, doslıq, tábiyat, ata-anaǵa húrmet ideyaların sáwlelendirishi shıǵarmalardan úyretiwimiz kerek.
3. **Ápiwayıdan quramalıǵa qaray baǵdarlanıw:** Dógerek aǵzası dáslep bir sesli (unison) ápiwayı qosıqlardı, keyinshelli eki hám úsh sesli xor shıǵarmaların atqarıwǵa ótiwi kerek.

Búgingi kún mektep oqıwshıların kórkem ónerge qızıqtırıw ushın tek ǵana dástúriy usıllar jetkilikli emes. Sol sebepli muzıka dógereklerinde tómendegi innovaciyalıq texnologiyalardı qollanıw joqarı nátiyje beredi:

- **Audio-vizual texnologiyalar:** Oqıwshılardıń óz atqarıwın diktofonǵa jazıp alıp, keyin ózlerine esittiriw hám qátelerin birgelikte tallaw. Bul metod balada ózin-ózi baqlawdı rawajlandıradı.
- **Imitaciya (Úlgi kórsetiw) metodı:** Dógerek basshısınıń ózi qosıqtı professional dárejede aytıp berishi yamasa dúnyalıq hám milliy vokal sheberleriniń atqarıwların audio-video variantta qatnasıwshılarǵa kórsetip, estetikalıq talaptı qáliptestiriw.
- **Sahnada ózin tutıw hám aktyorlıq sheberligi:** Qosıq tek ses emes, ol ishki sezim hám mimika arqalı tamashagóyge jetkeriledi. Dógerekte qosıqtıń mánisinen kelip shıǵıp, sahnada qorıqpastan háreket etiw sabaqların da ótkeriw kerek.

Ulıwma bilim beriw mekteplerindegi muzıka hám vokal dógerekleri jas talantlardı júzege shıǵarıwda úlken áhmiyetke iye. Dógerek qatnasıwshılarınıń qosıq atqarıw sheberligin arttırıw bir kúnlik jumıs emes, bálki sistemalı hám ilimiyge tiykarlanǵan metodikalıq sabaq procesin talap etedi.

Balalardıń fiziologiyalıq jas ózgesheliklerin esapqa alıw, vokal-dem alıw, shıǵarıw shınıǵıwların turaqlı alıp barıw, durıs repertuar tańlaw hám zamanagóy audio texnologiyalardan paydalanıw dógerek jumıslarınıń sapasın jańa dárejega kóteredi. Bul óz gezeginde balalardıń tek ǵana vokal sheberligin arttırıp qoymay, bálki olardıń ruwhıy álemin bayıtıwǵa hám kórkem-estetikalıq mádeniyatın qáliptestiriwge xizmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Sharipova G.M., Xodjaeva Z. Musiqa o’qitish metodikasi. Darslik. -T., NIF MSH nashriyoti, 2020.
2. Karimova. D.A. Musiqa o‘qitish texnologiyalari va loyihalash. Darslik. -T., LESSON PRESS MCHJ nashriyoti, 2021.
3. ”Sharipova G.M.,Kenjebaeva S.S. Muzıkanı oqıtıw metodikası. Oqıw qollanba. –T., Tafakkur avlodi nashriyoti, 2020.
4. Xoroshun V. G. "Formirovanie vokalno-xorovix navikov u shkolnikov". - SPb, 2015.